



SEKIRITE POU OTÈL/MOTÈL

Kenbe employe otèl/motèl an sekirite e anpeche aksidan nan travay poze yon defi espesyal. Se paske otèl/motèl se vrèman kat biznis angizyoun: antretyen, menaj, sekirite e sèvis nouriti. Tout operasyon sa yo prezante yon inik dange ansanb

Pou Redwi chans blese ak aksidan, fè travayè yo itilize bon sens yo pou yo ka gen sekirite. Men kouman:

1. Devlope epi mete an plas bon kondwit ki la pou pwoteje travayè pou yo pa blese ni malad.
2. Etabli epi anfòse yon plan pou anpeche moun blese ki baze nan sekirite asirans.
3. Rekonèt plis rekonpanse tout travayè- depi boss la jiska lòt moun kap travay avèk li yo—paske yo suiv bon posede. Konpòte w byen. Dekouraje fè travay twò vit.
4. Etabli e mezire sekirite ak règ travay. Fè bòs yo pran responsablite pou règ yo.

Swiv pwen sekirite sa yo pou anpeche blese e aksidan:

Glise ak tonbe

1. Kenbe atè a sèch, san grès ak kras manje.
2. Asire w ke anlè soulye anplwaye yo fèt an kwi e anba yo fèt ak materyèl pi ka glise.
3. Sèvi ak tapi ki pa glise kote ki bezwen yo, kouwè kote asyèt lave ak kote manje fèt.
4. Repare ekipman ki koule oubyen ki gen twòp kondansasyon.
5. Anpeche kouri ak mache twò vit
6. Founi epi sèvi ak nechèl solid e ak ban pou pran bagay ki wo
7. Anpile materyèl ke w resevwa imedyatman, pa kite bwat nan koulwa ak kote moun ap mache.
8. Repare oubyen ranplase kapèt kap deplase atè ak kapèt ki chire/ize.
9. Pa kenbe materyèl nan eskalye epi repare sak ize yo. Met balistrad ki fò e eskalyer ki pa glise.
10. Met ase limyè kote atè a elve, kou wè kote ki gen bit ak eskalye.

Blese (manje ak bagay pou bwè)

1. Kenbe kouto yo file epi mete yo nan kazyer kote kouto yo ale
2. Fè travayè yo sèvi ak gan kap anpeche yo blese lè yap sèvi e lè yap netoiye ni kouto ni kouto ki tranche.
3. Pwoteje oubyen kouvri kote ki file a nan yon bwat.
4. Sèvi ak bale, pa men w, pou bale moso boutèy.
5. Jete dlo ki nan evyer a imediatman sil gen moso boutè ladan. Mete gan pou anpeche men w blese pou retire moso boutè yo.
6. Fèmen bò lam ki file a lè w pap sèvi avè l.
7. Ekspoze lam si a a yon wotè nesèsè lè w ap sèvi ak li; byen kouvri lèl pa nan sèvis.
8. Si lap tonbe, kite kouto yo ak lòt bagay file yo tonbe nan yon sifas solid anvan w ranmase l. Pa eseye anpeche l tonbe.



Blese (tout lòt)

1. Sèvi ak bale e ak pèl lè ap ranmase moso boutèy atè ak sou kontwa- epi toujou mete gan kap anpeche men w blese.
2. Lè w ap pote sache fatra, kenbe l lwen janm ou ak bra w, pa trennen yo pre kò w.
3. Asire ke w enstale e sèvi ak pwoteksyon nan goyin ak pisans e machin ki fè kle.
4. Mete gan kap anpeche w blese lè w ap sèvi ak tòl e lòt bagay ki file

Boule (Manje e bagay pou bwè)

1. Sèvi ak sèvyèt sèch oubyen gan ki gen insilason lè w ap manyen bagay cho.
2. Sèvi ak louch lè w ap pran bagay ki tonbe nan chodyè grès cho oubyen sou recho.
3. Kite grès fret pandan la nuit avan w jete l
4. Mete pwoteksyon sou lanp ak limyè ki chofe manje yo
5. Sere kondiman, chodyè a tout lòt bagay yo bezwen pou fè manje ak pwovizyon bò fou a, pa sou li.
6. Aprann sèvi ak ekstenktè ak otomatik ekstenktè sistèm. Asire w ke sistèm yo ak ekstenktè yo ap travay ansamb e yo ranje yo regilyèman.

Boule (tout lòt)

1. Met ekipman pèsònèl ou pou pwoteje zye lè w ap sèvi ak pwodwi chimik.
2. Mete non ekipman ladan epi fèmen tout ekipman electric avan w travay ak yo
3. Regilyèman, pratike ak travayè kouman pou yo sòti deyò si gen dife
4. Pa kite travayè yo sèvi ak ekstenktè a avan yo fè trening ak yo.

Blese nan zye

1. Mete pwoteksyon nan zye lè w ap sèvi ak zouti ak pisans, kouwè tondèz, machin ki ranmase fèy e zouti pou racle.

mouvman repete ki fè moun malad

1. Asire w ke travayè ki fè menm mouvman tout tan pran repo chak inèdtan pou repose e detire
2. Asire w ke espas kote travayè yo travay la gen mèb ki konfòtab. Aprann travayè yo pou yo ajiste ak espas yo travay la pou yo ka konfòtab.

Foule ak antòs

1. Detire anvan w kòmanse travay fizik.
2. Limite volim pakèt ki gen pwovizyon yo a mwens ke cinkantnèf liv, preferabman vensenk liv.
3. Mete pwovizyon ki pi lou ak zouti yo nan kazyer ant de e kat pye de atè a. Lòt ki piti ak pi leje dwe ale nan kazyer ki pi wo ; saki lou yo dwe ale nan kazyer ki pi ba.
4. Sèvi ak veso ak wou pou pote bagay ki lou.
5. Lè w bagay ap tonbe kite l tonbe, pa esaye pran on sèl kou.
6. Sèvi ak nechèl pou pran bagay sou etaj enlè.
7. Pran anpil repo lè w ap fè menm mouvman yo.
8. Bay panyer rad ak resò pou anpeche nesese pou foure trò fon pou yo retire rad
9. Bay menagè yo epong ki gen manch long ak epong ke w ka tòde yo pou netwaye basin ak douch.
10. Kenbe wou ak pivo nan charyo menagé yo nan bon kondisyon

http://www.thezenith.com/zenith_web/webui/workers/wrkr_ind_hotel_creole.jsp

